

Avi sou Dwa pou Travayè Livrezon NYC yo



Avi sa a aplike pou ou si ou travay pou yon sèvis livrezon ki pa yon “sèvis livrezon pwodui alimantè pou yon antrepriz ekstè” oswa “sèvis livrezon manje pou yon antrepriz ekstè”. Sa a gen ladan nenpòt biznis ki ofri sèvis livrezon nan yon lòt biznis; pa egzanp, Amazon Flex ak Gopuff.



Peman

- Sèvis livrezon an dwe peye ou tout salè omwen yon fwa pa semèn, ofri yon opsyon ki pa gen okenn frè pou resevwa peman, epi ba ou yon deklarasyon salè detaye.



Wout yo

- Sèvis livrezon an dwe ba ou detay wout yo anvan ou aksepte yon livrezon. Detay yo dwe genyen adrès kote w ap al pran kòmman lan, dire ak distans yo estime a, tep ak pèman.



Aksè

- Si ou fè livrezon man, sèvis livrezon an dwe ba ou yon sak livrezon manje izole gratis apre **6 livrezon man**.
- Ou gen dwa sèvi ak twalèt yon biznis lè w pran kòmand yo.

Okenn Revanj

Li ilegal pou yo pini travayè yo k ap egzèse dwa yo. Kontakte DCWP imedyatman depi ou sispèk gen reprezay. DCWP pa p janm mande enfòmasyon sou estati imigrasyon ou.

Depoze yon Plent

Si yo vyole dwa ou uo, yo ka dedomaje w. Pou ou siyale yon enfraksyon, depoze yon plent nan Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP).

- Vizite nyc.gov/DeliveryApps
- Rele nan **311** (212-NEW-YORK andeyò vil New York) epi mande pou “Delivery Worker (Livrè)”

DCWP p ap pataje idantite w san konsantman w alavans.

